

# Lèt pou Filemon



## **PREMYE KOZE A**

***Kilè epi ki kote Pòl te ekri lèt sa a :***

Lèt sa a se li ki pi kout nan lèt Pòl te ekri yo. Lè li te ekri lèt sa a, Timote te bò kote l nan prizon. Men nou ka poze tèt nou kesyon nan ki prizon Pòl te ekri lèt pou Filemon an ?

Dapre liv Travay Apòt yo, Pòl t al nan prizon omwen twa fwa : Nan Filip (Travay 16,23-35); nan Jerizalèm ak Sezare (Travay chapit 22 ak 23) epi finalman nan vil Wòm (Travay 28,30-31). Men nou konnen, menm si Travay Apòt yo pa di anyen sou sa, te gen lòt okazyon Pòl te nan prizon toujou (egzanp nan Efèz: 1Kor 15,32).

Nan Filip, Pòl te pase yon sèl nwit nan prizon. Sanble se pa nan moman sa a li te ekri lèt la. Gen moun ki di se nan vil Wòm li te ekri l pandan lane 63-64 yo. Gen anpil moun ki di se nan prizon Efèz la li te ekri l. Pòl te nan Efèz pandan lane 53-56. Lè sa a Epafras, nèg ki te fonde kominote Kolòs la, (Kol 1,7) kote Filemon, Apfya ak Achip te rete (Kol 4,17) ak li.

Lèt Filemon an sanble ak lèt pou moun Kolòs yo. Yo te bay non menm moun yo: Pòl, Timote, Onezim, Aristak, Mak, Epafras, Lik, Dema ak Achip (Kol 4,1-18).

***Ki moun Onezim ye epi poukisa li dwe tounen lakay mèt li :***

Nan epòk sa a te gen esklav ki te rann divès kalite sèvis : te gen sa ki te travay tè mèt li a. Te gen sa ki te okipe edikasyon timoun yo. Te gen esklav ki te okipe byen kay mèt yo. Sa ta posib pou Onezim te yon esklav ki t al lavil Efèz pou vann osinon achte yon bagay pou mèt li. Pou yon rezon nou pa konnen, Onezim te pèdi lajan an, oswa li te fè yon move afè nan komès la. Li pè tounen lakay mèt li kote yo t apral bat li byen bat. Te gen gwo pinisyon pou esklav ki gaspiye lajan mèt yo, oswa ki te sove kite kay mèt yo. Yo te konn maltrete yo anpil, epi, apre sa, yo te pèdi tout posiblite pou yo jwenn libète yo. Men esklav ki te sove oswa ki te fè yon bagay ki pa bon pou mèt li, te kapab jwenn padon mèt la, e menm libète li, si li te jwenn yon moun enpòtan ki mande mèt li gras pou li. Konsa Onezim te konnen gen yon moun ki nan prizon, e ki zanmi patwon l, Epafiras, moun ki te fonde kominote Koldòs la. Bò kote l te gen Pòl ki gen gwo repitasyon lakay mèt li. Ak gwo lapenn ak laperèz, Onezim te al nan prizon kote Epafiras ak Pòl te ye a. Li mande yo padon. Li tandè sa Pòl te di l sou Jezi Kri, li konvèti, epi li fè batize l kretyen.

An gwo, nou kapab di, li posib pou Onezim te yon esklav lakay Filemon, ki te pèdi lajan oswa ki te fè yon move afè ak lajan mèt li. Kounye a, l al chache yon lèt nan men Pòl, osinon Epafiras, pou l kapab tounen kay Filemon.

<sup>Kol 4,10; Flp 1,7</sup> <sup>Wm 16,5; 1Kor 16,19</sup> <sup>1Kor 4,15; Kol 4,9</sup> <sup>1Kor 7,22; 1Tm 6,2</sup>  
<sup>1</sup> Pòl prizonye Jezi Kri, ak Timote frè a, pou Filemon nou renmen anpil epi k ap travay ansanm ak nou, <sup>2</sup> ak pou Apfya, sè nou an, Achip konpayon batay nou, epi pou Legliz la ki rasanble lakay ou. <sup>3</sup> Favè ak kè poze Bondye Papa a ak Granmèt Jezi Kri ak nou. <sup>4</sup> Se toutan mwen di Bondye mwen an mès, mwen sonje w nan lapriyè mwen yo, <sup>5</sup> paske mwen tande pale sou renmen ak lafwa w genyen pou Granmèt Jezi ak pou tout moun ki sen yo. <sup>6</sup> Mwen mande Bondye pou menm lafwa w sa a, ki pa nou tou, travay pou fè konnen tout byen nou kapab fè pou Kris la. <sup>7</sup> Reyèlman vre, frè m, se pa ti kè kontan ak ankourajman mwen te jwenn poutèt renmen w lan, paske ou soulaje kè moun ki sen yo. <sup>8</sup> Konsa menm lè nan Kris la, mwen ta kapab pase w lòd sou sa w dwe fè, <sup>9</sup> mwen pito apiye mwen sou renmen an pou mwen mande w yon bagay: mwen menm Pòl, k ap pale a, yon granmoun ki prizonye Jezi Kri kounye a, <sup>10</sup> mwen mande w yon favè pou pitit mwen an

Onezim, mwen te fè pandan mwen te nan chenn. <sup>11</sup> Lontan li te initil pou ou, men kounye a li itil nou toulède, ni ou menm ni mwen menm. <sup>12</sup> Mwen voye l tounen ba ou: se pwòp zantray mwen. <sup>13</sup> Mwen ta renmen kenbe li bò kote mwen pou l sèvi mwen nan plas ou, pandan mwen nan chenn pou Bon Nouvèl la. <sup>14</sup> Men mwen pa t vle fè anyen san mwen pa gen akò w, pou konsa, byen ou fè a, se pa fòse yo fòse w fè l, men se ak tout kè w. <sup>15</sup> Petèt se pou sa li te separe ak ou pandan yon bout tan pou w te kapab tounen jwenn li pou toutan. <sup>16</sup> Pa tankou yon esklav ankò, li plis pase yon esklav, se yon frè mwen renmen anpil. Se sa li ye toutbon vre pou mwen, men li dwe yon frè piplis pou ou toujou, ni tankou moun epi ni tankou yon patizan Granmèt la. <sup>17</sup> Konsa, si w konsidere mwen kòm asosye w, resevwa l kòm si se ta mwen menm. <sup>18</sup> Si l te fè w bagay ki pa sa, ou byen si li te dwe w kichòy, mete sa sou kont mwen. <sup>19</sup> Se mwen menm menm Pòl ki ekri ak pwòp men mwen: se

– *Legliz ki rasanble lakay ou...* Sa montre kijan premye sans mo «Legliz» la genyen, se pa yon batisman, men yon kominote (Gade tou Women 16,5; Kol 4,15). Sa fè nou wè premye kretyen yo, apre yo te sispann al nan sinagòg Jwif yo, te pran anpil tan anvan yo te bati tanp pa yo nou regle «legliz» jodi a. Yo te abitye reyini lakay manm kominote a.

**9:** *Mwen menm Pòl, yon granmoun ki prizonye..* Pawòl sa yo ba nou enfòmasyon sou lavi apot la. Nan tan sa a, yo te di yon moun «granmoun» lè l te rive aepre sou laj 55 lane.

**10:** «*Mwen mande w yon favè pou pitit mwen an, Onezim.*» Pòl konsidere Onezim tankou pitit li, paske se grasa li Onezim te vin kretyen. Se li ki te batize l nan prizon an.

**11-13:** Pòl fè yon jwèt ak mo «Onezim» ki vle di «itil».

**16:** «*... li dwe yon frè piplis pou ou toujou, ni tankou moun epi ni tankou yon patizan Granmèt la.*» Nan tout gwo relijyon ki ansyen anpil yo, se sèl relijyon Jezi Kri a ki fè moun divès ras, divès klas sosyal, divès kondisyon legal mele youn ak lòt. Se sèl relijyon ki te bay non sè ak frè pou moun ki pa nan menm nivo sosyal, politik ak ekonomik. Chanjman total kapital sa a, Pòl te

wè l ni pou Legliz la, ni pou sosyete a. Nou pa kapab obeyi de mèt ansanm: sistèm esklavaj la ak sistèm Lalwa a ki mete moun anba pye lòt moun, oswa Levanjil Jezi Kri a (Wm 6,16-18). Piplis toujou kounye a «*nanpwen ni Jwif, ni Grèk, nanpwen ni esklav, ni moun ki an libète, nanpwen ni gason, ni fi, paske nou tout nou se yon sèl nan Jezi Kri.*» (Galasi 3,28).

**18:** «*Si l te fè w bagay ki pa sa, oubyen si li te dwe w kichòy, mete sa sou kont mwen.*» Se fraz sa a ki fè moun panse Onezim te fè yon komès ki pa bon pou mèt li, tankou nou te di deja nan «premye koze» lèt sa a. Pòl pran angajman pou peye dèt Onezim nan. Li pran Onezim sou kont li.

**19:** «*Se mwen menm menm Pòl ki ekri ak pwòp men mwen.*» Kounye a Pòl pran papye a nan men Timote, epi li ekri ak pwòp men li. Li fè Filemon sonje li dwe li lavi li paske se nan men li Filemon te resevwa batèm. Pòl ap tann Filemon reyaji yon fason ki dakò ak levanjil li te resevwa a.

**21:** Sanble Pòl ta ankouraje Filemon bay Onezim libète li nèt. Eske Filemon te fè sa Pòl te mande l pou li fè a? Nou ka di wi, paske nan lèt pou moun Kolòs yo, nou jwenn Onezim tankou yon misyonè ansanm ak Tikikòs (Kol 4,7-9).

## FILEMON

mwen k ap peye w, pou mwen pa di ou dwe mwen pwòp lavi w. <sup>20</sup>Wi frè mwen, tanpri fè mwen plezi sa a nan Granmèt la, soulaje kè mwen nan Kris la. <sup>21</sup>Mwen ekri w paske mwen sèten w ap fè sa mwen mande w la. Mwen konnen ou pral fè plis pase sa mwen di a. <sup>22</sup>Ak sa, pare yon kote pou mwen fè

ladesant. Gras a lapriyè nou m espere y ap renmèt mwen ban nou. <sup>23</sup>Epafras, zanmi ki nan prizon ak mwen poutèt Jezi Kri, voye bonjou pou ou, <sup>24</sup>ansanm ak mesye k ap travay ak mwen yo: Mak, Aristak, Demas ak Lik. <sup>25</sup>Se pou favè Granmèt nou Jezi Kri ak lespri nou, Amèn.

Kol  
4,12

Kol  
4,14